


KUTORA SUWO REMUVENGI

SHURE KWEMUEDZO

 Handizivi kuti... Munoziva, ndine pfungwa duku, yokuti, kuona vanhu vachimira patinoverenga Shoko. Hamuzvidewo here izvozvo? Tinomira kuratidza kuremekedza, tinosimukira nyika yedu, ko hatingasimukirewo Shoko here zvino?

² Patinenge takamira kwechinguvana. Ndaiverenga chimwe chinyorwa, nguva shoma yapfuura, uye ndaifunga nezuro manheru nezvevanhu vakamirira Kristu. Kana usati wazviita, haungazviite here nhasi?

³ Kwaiva nomuvhangeri mukuru, kuda makore makumi manomwe nemashanu akapfuura, handisi kukwanisa kufunga zita rake. Ndinofunga kuti raiva Arthur McCoy, uye akanga adambura munyika yose. Zvino umwe usiku akarota kuti akanga afanotungamira muKubwinya. Uye ndokuti akaenda paSuwo, zvino ndokuti vakamurambidza kupinda. Zvino ndokuti iye akati, “Ndini Arthur McCoy anobva kuUnited States. Ndiri muvhangeri.”

⁴ Saka muchengeti wesuwo akapinda, (zvino ichi chaiva chiroto), zvino akapinda, ndokuti, “Handisi kuwana zita rako zvachose.”

Akati, “Zvakanaka, ndakanga ndiri muvhangeri.”

Ndokuti, “Changamire, ndi . . .”

⁵ Akati, “Saka, pane mukana here . . . Pane pakakanganiswa.”

⁶ Akati, “Kwete, changamire. Ndine Bhuku racho pano. Handisi kuwana zita renyu zvachose.”

Zvino iye ndokuti, “Saka, pane here zvandinogona kuita pamusoro pazvo?”

⁷ Akati, “Akati unogona kukwidza nyaya yako kuChigaro Chichena Chekutonga.” Mwari, abatsire. Handidi kuva ipapo.

⁸ Akati, “Zvakanaka, kana iri iyo tariro yangu yoga, ndinofunga kuti ndichangokwidza nyaya yangu zvakadaro.”

⁹ Uye ndokuti zvino akafunga kuti akaenda kure-kure, zvino anga . . . Uye paakatanga, ndokuti kwaiva nerima, ndokuenda kuchijeka nokujeka chiedza, uye ndokuti zvaiita sokunge pakanga pasina paigumira Chiedza ichi, asi iye akange ari chaipo pakati paCho. Zvino ndokuti Iye akati, “Ndiyani ari kuuya kuChigaro Changu Chekutonga?”

10 Iye ndokuti, “Ndini Arthur McCoy. Ndiri muvhangeri, ndakatumba mweya yakawanda kuHumambo.”

Akati, “Zita rako rashaikwa here muBhuku?”

“Kwete.”

Akati, “Zvino wakwidza nyaya kuDare raNgu here?”

“Hongu, changamire.”

11 “Uchawana mutongo wakafanira. Ndichakutonga nemirairo yaNgu. Arthur McCoy, wakamboreva nhema here?”

12 Iye ndokuti, “Ndaifunga kuti ndakanga ndiri munhu akanaka kwazvo kusvikira ndazomira muChiedza ichi.” Ndokuti, “Asi Muhupo hweChiedza ichi, ndaive mutadzi.” Tose ndizvo zvatichava. Unogona kunzwa kuchengeteka iye zvino, asi mira kusvikira wasvika Ikoko. Ko unofunga kuti unonzwa zvakadini pano paAnenge achizodza? Unonzwa kuita muduku! Ko zvichange zvakadini paChigaro Chichena Chekutonga?

Akati, “Wakamboreva nhema here?”

13 Ndokuti, “Ndaifunga kuti ndaive ndakatendeka, asi zvimwe zvinhu zviduku zvandaifunga kuti aive manyepo maduku asina basa, anobva akura pamwe nokusviba Ipapo.”

Iye ndokuti, “Hongu, changamire, ndakamboreva nhema.”

Akati, “Wakamboba here?”

14 Ndokuti, “Ndaifunga kuti ndaive ndakatendeka pazviri, uye handina kumboba, asi ndokuti, muHupo weChiedza ichi, nda—ndakacherechedza kuti pane zvikiribidi zvakaita, zvakanga zvisina kunyatsonaka.”

Iye ndokuti, “Hongu, changamire, ndakamboba.”

Akati, “Mutongo wangu . . .”

15 Zvino paakanga ave kuchigadzirira kunzwa mutongo wake, “Enda mumoto unogara nokusingaperi wakagadzirirwa dhiyabhorosi nengirozi dzake,” ndokuti bvupa rose rakange rave kusvodogoka.

16 Ndokuti, “Ndakanzwa inzwi raitapisira randisati ndambonzwa muupenyu hwangu.” Ndokuti, “Pandakacheuka kuti nditarise, ndakaona chiso chaitapisira chandisati ndamboona; chaitapira kudarika chiso chaamai, inzwi raitapira kudarika raamai vangu pavakambondidana.” Ndokuti, “Ndakatarisa-tarisa. Ndakanzwa inzwi, rakati, ‘Baba, ichocho ichokwadi, akambotaura nhema uye akanga asina kunyatsetendeka. Asi, pasi panyika akaNdimiririra,’ akati, ‘Iye zvino Ndave kumira panzvimbo yake.’”

17 Ndizvo zvandinoda kuti zvigoitika Ipapo. Ndinoda kuMumiririra iye zvino, kuti, kana nguva yacho yasvika, Anomira panzvimbo yangu.

¹⁸ Ngativerengei kubva muna Genesi 22; mavhesi 15, 16, 17, ne 18.

Ipapo mutumwa waJEHOVHA wakadana Abrahamama rwechipiri ari kudenga.

Akati, zvanzi naJEHOVHA, Ndakapika neni Ndimene, nokuti zvawaita izvozvo, ukasandinyima mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe chete:

Kuti mukuropafadza ndichakuropafadza kwazvo, . . . mukuwanza ndichawanza vana vako senyeredzi dzokudenga, uye sejecha riri pamhenderekedzo dzegungwa; vana vako vachatora suwo remuvengi vake;

Ndudzi dzose dzenyika dzicharopafadzwa mvana vako; zvawakaterera inzwi rangu.

Ngatinamatei.

¹⁹ Baba voKudenga, torai zvaverengwa zvino, Ishe, mugoshumira kwatiri. Dai Mweya Mutsvene atakura Mashoko, Ishe, kuendesa kumoyo wose. Zvinozozadzikisa tariro dzedu masikati ano, nokuti dzakakura, Ishe. Uye Makatiudza kuti tikumbire zvakawanda, kuitira kuti mufaro wedu ugozadzikiswa. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

Mungagara henyu pasi.

²⁰ Kana ndingachiti chidzidzo, kwenguva shoma. Inzwi rangu harina kusimba, saka ndicho chikonzero ndiri kufanira kunge ndakamira pamaikorofoni. Ndinoziva kuti pane maungira, asi tichangotsungirira nazvo zvishoma. Ndinoda kuchidana kuti: *Kutora Suwo Remuvengi Shure Kwemuedzo.*

²¹ Chiitiko chedu chinobhedhenuka pane chezvimwe chezviitiko zvinoshamisa muna Abrahamama. Munoziva kuti Abrahamama ndiye baba wevakatendeka. Uye vimbiso yakaitwa kuna Abrahamama. Uye nokungova mudyi wenhaka pamwe naye, kubudikidza nemuna Kristu, ndiyo nzira yoga yatinogamuchira nayo vimbiso, kubudikidza nemuna Abrahamama. Zvino, Abrahamama aingovawo munhu wamazuva ose, asi akadanwa naMwari uye akatendeka pakudanwa uku. Mwari pavaingotaura naye, Abrahamama hapana nguva yaakambopokana inzwi iri. Aingogara naro. Zvisinei kuti chii chainetsa, aingogara naro.

²² Zvino akazovimbiswa mwanakomana. Uye akamirira makore makumi maviri nemashanu kuti agamuchire mwana iyeye, achidana chinhu chose chaipesana nazvo sokunge chakange chisiri icho. Zvino, nomumwanakomana uyu, mhuri dzose dzepanyika dzakanga dzichazoropafadzwa. Uye tateguru vakanga vakatendeka pakudanwa kwavo pamwe neShoko rakavimbiswa.

²³ Ndiye akava muenzaniso wezvatinofanira kuva. Zvino isu, kana takafa muna Kristu, tiri Mbeu yaAbrahamama.

²⁴ Zvino, paiva nembeu mbiri dzaAbrahamama. Imwe yadzo yaive mbeu yepanyama; imwe yaiva Mbeu yepamweya. Imwe yadzo yaive yepanyama, kubudikidza nenyama yake; imwe yacho yaiva Mbeu yekutenda kwake, kutenda, kuitira kuti nesuwo tigova Mbeu yaAbrahamama kubudikidza neShoko rakavimbiswa.

²⁵ Zvino mushure mokunge aedzwa kwemakore makumi maviri nemashanu akareba, uye, panzvimbo yekupera simba, akawedzera kusimba. Munoono, kana zvisina kuitika mugore rokutanga, mugore raitevera chaizova chishamiso chakadarika kukura, nokuti chainge chive nemakore maviri. Zvino akawedzera makore aya, painge achikura, uye mutumbi wake wakazofa. Chibereko chaSara, chibereko, kana kuti icho (chakava) chaive chisingabate pamuviri. Uye naizvozvo simba rake rakange rapera, zvino paiva . . . Hazvikwanisike zvachose.

²⁶ Makambofunga here zvakaitwa naMwari ipapo? Munoono, Haana bedzi kungoita kuti chibereko chake chigone kubata pamuviri. Nokuti, rangarirai, dai Akadaro, zvino rangarirai dai Akadaro . . . vakanga vasina aya mabhoto emukaka evana, mumazuva iwayo, ekupira vana, mukaka wemombe. Maona? Iyewo zvakare akatozo . . . Tsinga dzake dzemukaka dzakanga dzaoma. Nokudaro Ha—Haaigona kunge . . . Pane chimwe chinhu chaifanira kuitika.

²⁷ Zvino, tarira mudzimai, ane zana remakore ekuberekwa, achipinda mumarwadzo ekupona. Moyo wake hawaigona kunge wakazvikwanisa. Zvoomera mudzimai zvino, ane makore makumi mana, kuti azviite. Moyo wake hawaigona kunge wakazvikwanisa. Saka munoziva zvaAkaita? Kana mukacherechedza . . .

²⁸ Zvino ndinoziva vakawanda vanogona kusawirirana nazvo. Kutu zvingadai zvakanaka kuita chitaurwa ichi? Munoono, ini . . . Kunenge kungoriwo kufunga kwangu.

²⁹ Munoono, Bhaibheri iBhuku remweya. Rakanyorwa nenzira yokuti rakavanzika kuzvikoro, mudzidzi webhaibheri. Vangani vanozviziva? Jesu wakatenda Mwari. Akati, “NdinoKutendai, Baba, MakaRivanza kubva kune vakachenjera nevakangwara, uye ndokuRizarura kuvana vanogona kudzidza.” IBhuku rerudo. Kana rudo rwaMwari rwauya mumoyo, zvadarwo, zvadarwo nurudo naMwari, zvino Anozvizarura pachaKe, zvinoreva Bhaibheri. Dudziro yeBhaibheri ndiMwari pachaKe achidudzira vimbiso dzaKe. Asi, Bhaibheri, Rakanyorwa pakati pemitsara.

³⁰ Zvino, semudzimai wangu, o, ndiye mudzimai akaisvonakisisa pasi rose, uye ndinomuda zvemazvirokwazvo. Iye anondida. Saka kana ndiri kure nekumba, anondinyorera tsamba, oti, “Mudiwa Bill, manheru ano ndichangobva mukuradzika vana. Nhasi ndashamba, pamwe nezvose zvaanenge aita, nezvimwe zvakadaro.” Zvino ari kutaura izvozvo mutsamba. Asi, munoono, ndinomuda zvikuru, uye

tinonyatsori chinhu chimwe chete, kusvikira ndi—ndinokwanisa kuverenga pakati pemitsara. Ndinoziva zvaanenge achida kutaura, munoona, kunyangwe akandiudza kana kuti kwete, munoona. Ndi—ndinoziva zvaari kureva, nokuda kwekuti rudo rwangu kwaari, nekunzwisisa kwangu.

³¹ Saka, ndiwo manyorerwo akaitwa Bhaibheri. Maona? Ma—mascholarship anodarika nepamusoro pazvo; havambozvibati. Munoona, unofanira kunge uri murudo neShoko, Iye, “kuMuziva.” Maona?

³² Zvino, iye zvino pano, tarirai zvaAkaita. Zvino Abrahama naSara vari vaviri vakanga vachembera, “vakwegura,” Bhaibheri rakadaro. Zvino hazvingori zvokuti vanhu vairarama nguva ndefu kareko. Bhaibheri rakataura kuti, “Vaive vakwegura pamakore.”

³³ Zvino cherechedzai, pakarepo mushure mokuonekwa kwemutumwa uyu, watanga tiri kutaura nezvake; waiva Elohim, Mwari. Uye Akati, ndokuudza Abrahama, “Ndichakushanyira panguva yeupenyu.” Zvino tarisai nzira yose, vaive mufananidzo weKereke, nzira yose.

³⁴ Zvino tarisai. Hezvinoi izvo zvakaitika. Zvino, haAna bedzi kungumbiridza Sara, nokuumbiridza Abrahama. Akavadzosazve kuva murume nemudzimai wechidiki. Zvino zvinogona kuita sezvinoshamisa, asi zvino tarisai rimwe Shoko rose, uye mozviisa pamwe chete. Shoko rakafemerwa, uye unofanira kunge wakafemerwa neShoko. Zvino, rangerirai, pakarepo mushure maizvozvo, pakarepo mushure mokuonekwa kweNgirozi iyi . . .

³⁵ Ndiri kungozviona kuti, vhudzi jena raSara, kambuya kane shawero pamafudzi ako, nekakepisi keguruva, kakabata mudonzvo, kachifamba-famba. “Ini, ndichizova nemufaro nashe wangu, uye iye achemberawo, zvakare?” Maona? Uye hepanoi paiva naAbrahama, ndebvu kureba kudai, akabata mudonzvo, saizvozvo, akwegura pamakore.

³⁶ Uye ndinoona, mangwanani akatevera, mapendekete ake akatanga kutwasuka, nhundwa ndokubva yabva kumusana kwake. Vhudzi rake Sara rakatanga kushanduka. Vakadzoka kuva murume nemudzimai muduku. Kungoratidza zvaAchazoita kuMbeu yeHumambo yaAbrahama, munoona, paticha “shandurwa kamwe-kamwe, semukubwaira kweziso, zvino tozobatana pamwe chete.”

³⁷ Tarisai zvakaitika. Regai ndizviratidze kwamuri. Zvino vakapinda parwendo vachibva panzvimbo iyo yavainge vari, uko kuGomora; zvino ndokuenda nzira yose kuGera, zasi kunyika yavaFirstia. Makacherechedza here? Imakei pamepu, kuti kure zvakadini. Rwendo rwakareba kwazo kumurume nemudzimai wake vezera rakadaro.

38 Zvino, kunze kwaizvozvo, mu—munyika yavaFiristia ikoko, kwaiva namambo wechidiki ainzi Amalek, uye akanga ari kutsvaka mudzimai. Uye aiva nevasikana vose vakanaka vechiFiristia, asi paakaona ambuya, akati, “Akarurama pachiso pakuratidzika kwake,” zvino ndokuwira murudo naye ave kuda kumuroora. Ndizvozvo. Uh-huh. Munoono, aive tsvarakadenga. Maona?

39 Akanga adzoka kuva mudzimai wechidiki. Cherechedzai, aitofanirwa kudaro, kuti agobara mwana uya. Mwari vakamuita chisikwa chitsva. Uye aitofanirwa kudaro, kuti agorera mwana uyu. Uye rangarirai, Abrahama, “muviri wake wakange wafa,” uye Sara akafa apo Abrahama akanga . . . Isaka akanga ava nemakore makumi mana nemashanu okuzvarwa, ndinotenda, pakafa Sara. Zvino Abrahama akarooro mumwe mudzimai ndokuva nevanakomana vanomwe pamwe nevanasikana, mushure maizvozvo. Ha-ha! Ameni.

40 Munoono, verengai pakati pemitsara. Mufananidzo. Zvinoratidza ipapo zvaAchaita kune vose Vana vaAbrahama. Kungoti tave kusvika pedyo nazvo iye zvino, saka mafudzi edu akakombama nezvimwe zvose hazvina mutsauko wazvinoita, vashamwari. Uye vhudzi redu rachena uye kana chingavei, hazvina basa zvino. Hatitarise kumashure. Ngatitarisei mberi kune izvo zvatic hazova.

41 Uye rangarirai, chiratidzo ichi chatiri kuona, chakave chiratidzo chokupedzisira icho Abrahama naSara wake vakaona, mwanakomana wevimbiso asati avepo. Tinotenda kuti tave panguya iyoyo.

42 Mutana uyu, mushure mokuzvarwa kwemwanakomana uyu . . . Mungazvifungidzire Isaka, ave nemakore anenge gumi nemaviri okuberekwa; mukomana muduku akaisvonaka, ane vhudzi rakamonana, nemaziso maduku ebrown? Ndinofungidzira kuti amai ava vainzwa zvakadini; mudzimai muduku ane chiso chakarurama, zvimwezvo, baba vake. Zvino rimwe zuva, Mwari vakati, zvino, semuenzaniso; tiri kure kwazvo, nguva yacho ichasvika. “Ndakuita baba wemarudzi, kubudikidza nemukomana uyu, asi Ndinoda kuti utore mukomana uyu uende pamusoro pegomo raNdichakuratidza, uye Ndinoda kuti umuuraye pamusoro ipapo, sechibairo.” Ungazvifungidzire here izvozvo?

43 Zvino iwe hausati wambokumbirwa kuti upinde mumuyedzo wakadaro. Haachadaro zvino. Yaiva miyenzaniso, mimvuri.

44 Abrahama akatya here? Kwete, changamire. Abrahama akataura zvokuti, “Ndakagutsikana zvizere kuti Anokwanisa kumumutsa kubva mukufa, nokuti ndakamugamuchira seuya wakabva mukufa. Uye kana murairo waMwari wanditaurira kuti ndiite izvi, uye ndagara ndakatendeka kwauri, uye zvandibhadhara, kundipa mwanakomana uyu; Mwari

vanokwanisa kumumutsa kubva mukufa; zvakafananidzirwa, neuko kwaakabva pandakamugamuchira.”

45 O, zvangu ini, shamwari! Kana Mwari akakupai imi maPentecosti Mweya Mutsvene, kutaura nendimi, munofanira zvakananyanya sei kunge muchitenda musimba raKe rekupodza, pamwe nekunaka netsitsi dzaKe! Kana akazviita, zvichipesana nevadzidzi vose vebhaibheri vaiva munyika! Vaiti hazvaigona kuitwa, asi Mwari vakazviita nokuti Vakazvivimbisa. Zvino chimira nePfuti yako, Shoko rako, Munondo wako, tenda Shoko raMwari. Mwari akataura kudaro, zvatoringana!

46 Cherechedzai, zvino, akatora rwendo rwemazuva matatu kubva ipapo, nemanyurusi. Iye zvino ndinokwanisa kufamba, pandaive papatirori, ndaifamba mamaera makumi matatu pazuva roga-roga, nemurenje; uye tave nemakumbo epeturu, tingati. Asi varume ava, nzira yoga yemafambiro avo, kwaiva kukwira mbongoro kana—kana kufamba. Zvino akaenda rwendo rwemazuva matatu kubva paainge ari, zvino ndokusimudza meso ake, kunze uko murenje, ndokuona gomo riri nechekure.

47 Akatora Isaka ndokusunga maoko ake. Izvo, zvatinoziva tose, muna Genesi 22 pano, mufananidzo waKristu. Akamutungamirira achikwidza gomo, akasungwa, saJesu akaendwa naye achikwidza gomo, Gomo reKarivhari; mufananidzo waMwari vachipa Mwanakomana waVo, saizvozvo.

48 Asi pavakasvika kumusoro uko, uye akateerera, Isaka akatanga kuita sokunyumwa. Akati, “Baba, hedzinoi huni, heinoi artari, heuno moto, asi chibairo chiripiko?”

49 Zvino Abrahamama, achiziva mupfungwa dzake, asi Shoko raMwari rakanga rakamira kunze uko, akati, “Mwanangu, Mwari vanokwanisa kuzviwanira pachaVo chibairo.” Akadana nzvimbo yacho, “Jehovha-Jire.”

50 Zvino paakasunga mwanakomana wake, akateerera kusvika parufu; ndokumuradzika paartari, ndokuzvomora banga kubva muhara, ndokutanga kutora upenyu hwemwanakomana wake. Zvino, paakazviita, chimwe Chinhu chakabata ruoko rwake, ndokuti, “Abrahama, misa ruwoko rwako.”

51 Zvino panguva iyoyo, gondohwe rakachema, shure kwake, nyanga dzaro dzakakochechera murenje.

52 Makambozvfunga here, kuti gondohwe iri rakabvepi? Rangarirai, nyika yakazara neshumba nemhumhi nemakava, uye zvikara izvozvo zvinodya makwai. Uye aive kure zvakadini nekwaigara vanhu? Uye, zvadaro, pamusoro pegomo, apo pasina mvura. Uye akange anhonga matombo, munharaunda yose, kugadzira artari. Ko gondohwe iri rakabvepi? Maona?

53 Asi chakange chisiri chiratidzo. Akauraya gondohwe iri; raiva neropa. Akati kudini? “Mwari vanokwanisa kuzviwanira pachaVo chipiriso.”

54 Ko *uwe* uchabuda sei muchigaro icho? Ko mwana *uyo* ari kugwinha-gwinha achapora sei, kana *uwe* kubva muchigaro icho, *uwe* kubva apo, *uwe* une dambudziko remoyo? Ringava dambudziko ripi zvaro, “Mwari vanokwanisa kuzviwanira pachaVo.”

55 Abrahamama akazvitenda. Tateguru vakararama vakatendeka kuvimbiso. Uye Vakapa vimbiso, yokuti, “Mbeu yako! Nokuti wakatenda Shoko raNgu, uye zvisinei nemamiriro ezvinhu, mbeu yako ichatora suwo remuvengi wayo.”

56 Sei? Muvengi wose aiuya, semufananidzo, achipikisana naAbrahama, Abra-. . .Mhandu yokuti, “Achemberesa. Ndachemberesa. Zvose *izvi*, nezvimwe zvose.” Akaramba akatendeka kuvimbiso.

57 Zvino, munhu ane kutenda uku, zvakadaro anatora Shoko Mwari zvisinei nemamiriro ezvinhu. Zvino, kana usingakwanise kuita saizvozvo, zvoreva kuti hausi Mbeu yaAbrahama. Ndiko kutenda kwaiva naAbrahama, Mbeu yake.

58 Vimbiso yaAbrahama yaiva yokuti “Mbeu” yake, zvino Mbeu yake yehumambo, zvakare, sokukutaurirai kwandaita nguva shoma yapfuura. Uye chisimbiso ichi chaAkapa kuna Abrahamama, chaive chisimbiso chevimbiso. Uye Mbeu yehumambo, maererano nevaEfeso 4:30, ndeyokuti “kusimbiswa neMweya Mutsvene,” mushure mokunge vakunda muedzo. Imboedza kuzvifunga.

59 Vakawanda vanofunga kuti vane Mweya Mutsvene. Vakawanda vanoti vane Mweya Mutsvene. Vakawanda vanokwanisa kuratidza umbowo nezviratidzo zvawo. Asi, zvakadaro, kana usingakwanise kugara neShoko iri, hausi Mweya Mutsvene. Maona?

60 Unotenda Shoko rose, zvino wozosimbiswa mushure memuyedzo. Kana tatenda vimbiso dzose muShoko, zvino tinozosimbiswa neMweya, kusimbisa vimbiso. Ndizvo izvo, ndeizvo Abrahamama, maitiro aakazviita. Zvadaro, ndipo poga, patinova nekodzero yokutora suwo remuvengi wedu. Haukwanise kuzviita kunze kwekunge watanga wava Mbeu iyi. Rangarira, muBhaibheri. . .

61 Ndakambotaura nezvazvo, paHouston kana imwewo nzvimbo, imwe. . . kana kuti, ndinoreva Dallas. *Chiratidzo*.

62 Munooni, mu—muJudha aigona kuratidza, zasi muIsraeri, kuti aiva muJudha nokudzingiswa. Asi Mwari vakati, “Kana ndichinga ndaona ropa! Uye ropa richava kwamuri chiratidzo.”

63 Upenyu hwaive muropa hawaikwanisa kuuya pamunamati, nokuti, zvakakanaka, waive upenyu hwemhuka,

waingova mumvuri wakanga uri kunosvika kuUpenyu hwemazvirokwazvo. Zvino, maumbirwo, ropa pachezvaro, raifanira kutsvuka pamusiwo nepamagwatidziro emusiwo.

⁶⁴ Raiiswa nehisopi, rinongova sora rinowanika pese-pese, zvichiratidza kuti haufanirwe kunge uine kutenda kwepamusoro-soro. Unofanira kunge uine kumwe cheteko, kutenda kwauinako, sekwauinako uchimutsa motokari yako, uchiyuya kuchechi. Maona? Vanhu vazhinji vanofunga kuti vanofanira kuve chimwe chinhu. . . Asi, kwete, kwete, izvozvo handizvo. Kunongori kutenda kwamazuva ose kwaunoshandisa kuisa Ropa. Inzwa Shoko, wotenda Shoko, woRiita, ndizvo zvoga. Kungonhonga sora kwese zvako muPalestine, raiva hisopi, inongori sora duku rinomera mumitswe yemadziro, nekwese kwese, rakanyikwa muropa ravo uye nokuriisa pachikumbaridzo nepamagwatidziro.

⁶⁵ Uye, rangarirai, handina basa kuti vaive musungano zvakadini, kuti muJudha aigona kuratidza zvakadini kuti aive akadzingiswa, kuti aive munhu akanaka zvakadini, sungano yose yaishaiswa basa kunze kwekunge chi—chiratidzo chaivepo. “Kana Ndichinge ndaona ropa,” iro roga.

⁶⁶ Zvino, Ropa iye zvino, Chiratidzo, hachisi zvinoumba, izvo zvakaumba Ropa raKristu, nokuti Rakadeurwa mazana emakore akapfuura.

⁶⁷ Asi, munoona, apo pane. . . paifanira kuvapo nezvinoumba, upenyu hwaive mumhuka hawaikwanisa kuuya pamunhu, nokuti upenyu hwemhuka hauna munhu wemukati. Mhuka haizive chakanaka kubva kune chakaipa. Munhu ndiye ane munhu wemukati.

⁶⁸ Zvino, asi apo Jesu, Mwanakomana waMwari, akabarwa nemhandara, akadeura Ropa raKe, Upenyu hwaive muRopa iri hwaive Mwari pachaHwo. Bhaibheri rakati, “Takaponeswa neUpenyu, Ropa raMwari.” Kwete ropa remuJudha, kwete ropa remuHedheni; asi Upenyu hwaMwari. Mwari vakasika chizenga ichi cheropa, chakabarwa nemhandara. Haana kana kumboziva murume, uyewo haana. . . uyewo zai harina kubva kwaari.

⁶⁹ Ndinoziva kuti vazhinji venyu imi vanhu munoda kutenda kuti zai ndiko kwarakabva. Zai harikwanise kuuya pasina kakutekenyedzwa, Mwari vanenge voitei zvino? Maona?

⁷⁰ Vakasika zvose zai nechizenga cheRopa, uye ndiyo yaive tabhenakeri yaMwari, tsvene. “Handingaregi Mutsvene waNgu achiona kuora.” Maona kunobva zai? “Kana kusiya mweya waKe mugehena.” Muviri wake waive mutsvene! O, zvangu ini! Hamugoni, hamukwanisi kuzvitenda, ko unozoviti uri Mukristu pakudini?

⁷¹ “Takaponeswa neRopa raMwari.” Ndipo pane kutenda kwangu. Kwete kufamba kunze uko muropa remuporofita, kwete kufamba kunze uko muropa remunhuwo zvake,

kana mudzidzisi, kana mudzidzi webhaibheri. Tinofambapo muRopa raMwari. Mwari vakataura kudaro. Vakava munhu. Vakashandura chimiro chaVo. Vakatanbanudza tende raVo pano, pamwe nesu, zvino ndokuva mumwe wedu. Ndiye Mudzikinuri wedu wehama. Akatozova hama yepedyo kwatiri, nokuti ndiwo waive murairo. Mwari akava munhu ndokugara pakati pedu.

⁷² Cherechedzai zvino kuti, mukuita izvi, Iye achibva kwaAri, aive Mwari, Mweya, uye Mweya uyu unouya pamutendi. Nokudaro, Upenyu hwaive muChibairo chedu, tinozvibanidza neUpenyu humwewo.

⁷³ Ko sei kana vachinge vaona Upenyu hwaMwari uchifamba pakati pevanhu, voUti chinhu chakasviba, apo ari Iwo maziviro edu eChipiriso chedu? “Uyo anotenda mandiri, mabasa andinoita naiyewo achaaaita.” Upenyu hwaKe huchidzokera pachibair-...kubva paChibairo, apo tinoisa maoko edu pamusoro paCho uye tozviratidza kuti takafa kupfungwa dzedu. Ko zvino tingazorega sei masangano kuti atisairire muzvitendwa nezvinhu, uye tichiti tinoZvitenda? Takafa kuzvinhu izvozvo.

⁷⁴ Pauro wakati, “Hapana chimwe chezvinhu izvi chinondikanganisa,” nokuti akanga akasungirirwa kumhedziso, Kristu. Uye budiriro yose yechokwadi yakasungirirwa kumhedziso, uye mhedziso yangu iShoko. Uywewo nemunhu wome ndizvo zvaari, uyo—uyo akanyatsobarwa neMweya, mhedziso yavo iShoko raMwari. Ndakasungirirwa kwaRiri. Ndakaisa maoko angu paIri. Uye Yakatora nzvimbo yangu, uye ndakazvibanidza naYe. Taiziva kuti Akavimbisa kuzvibanidza pachaKe nesu. Izvozvo zvinounza kutenda kwechokwadi; kwete kutenda kwako, asi kutenda kwaKe; chimwe chinhu chausina simba pamusoro pachu. Iye ndiye Anozviita. Zvino cherechedzai. Zvadaro, uye icho choga, kana...ivimbiso yakaitwa kwauri.

⁷⁵ Zvisinei nekuti machechi mangani awakajoinha, uye kuti wakabhabhatidzwa kangani; nekumberi, namanhede, nenzira ipi yaungada. Kusvikira Chisimbiso ichi chaiswa pauri, zvino hauna kodzero yokuzviti wakabatanidzwa neChibairo chako.

⁷⁶ Uye chii Chisimbiso chaMwari? VaEfeso 4:30, inoti, “Usachemedza Mweya Mutsvene waMwari, wawakasimbiswa nawo kusvikira Zuva rokudzikinurwa kwako.” Kwete kubva pane rumwe rumutsiro uchienda pane rumwe, asi wakasimbiswa muna Ziendanakuenda kusvikira paZuva iro raunodzikinurwazve.

⁷⁷ Uye, rangerirai, kana wakanga usina kumbova uri mupfungwa dzaMwari, hauzombofi wakava pamwe naMwari. Vangani vanoziva kuti Aiva mudzikinuri? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka, zvino, chinhu chose chinenge chadzikinurwa chinofanira kudzokera pachainge

chiri pachakawa. Saka kana Akauya kuzotidzikinura, ko tingadini, pane imwe nguva hataifanira kudzikinurwa, uye taive tose “takaberekerwa muzvivi, takaumbwa mukusarurama, tikauya munyika tichireva nhema”? Zvinoratidza kuti Mukristu wechokwadi chizenga chekufunga kwaMwari, pasati pava nenyika, kana nyeredzi, kana mweya, kana chimwe chinhu zvacho. Ndezve muna Ziendanakuenda, uye Akauya kuzotidzikinurazve. Ipfungwa dzaMwari, dzakataurwa kuva shoko, ndokuratidzwa uye dzi- . . . zvadzoswa kupfungwa yaKe.

⁷⁸ Mudzikinuri Wehama! Ndicho chikonzero icho Mwari pachaKe akatozova mumwe wedu, kuti adzikinure. Hapana chimwe chaigona kuzviita. Ngirozi haYaikwanisa kuzviita, hapana chimwezeve. Akatozodzika, ndokuyedzwa sesu, kuti agotidzikinura.

⁷⁹ Cherechedzai zvino mbeu yepanyama yaAbrahama. Ngationgororei dzimwe mbeu dzepanyama idzi, uye tigoona kana Mwari vakachengeta Shoko raVo kune mbeu yepanyama, yaiva Isaka. Ngationgororei dzimwe mbeu dzepanyama dzakatenda vimbiso izere yaMwari uye vasina mubvunzo. Zvino rangarirai, kwaiva nemakumi ezviuru zvakapetwa zviuru zvakapetwa pamusoro pezvimwe zviuru vaive vakadzingiswa uye nezvimwe zvose, uye zvakadaro vaive vasiri Mbeu yaAbrahama. Ichokwadi, “Uyo ari muJudha kunze haasi muJudha; ndeuyo ari muJudha mukati.” Ivo, vazhinji vavo, vakakundika, vakakundika zvikurusa.

⁸⁰ Tarisa, murenje, vakati, “Isu. . .” Zuva rePasika, kana pakunwa patsime, muna Mutsvene Johane 6. Vose vainge vari kupembera.

⁸¹ Jesu akati, “Ndini Ibwe riya raiva murenje. Ndini Chingwa chakabva kuna Mwari, chichibva Kudenga, kana munhu akachidya haangazofi.”

⁸² Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje, kwemakore makumi mana.”

Akati, “Uye vose, mumwe nomumwe wavo, vakafa.”

⁸³ *Kufa*, tora inzwi iri woriwongorora, woona zvarinoreva, “Kupatsanurwa nokusingaperi-peri.” Asi, vaive mbeu yaAbrahama. *Rufu* zvinoreva “kupatsanurwa, kunyangadika zvachose, kuparadzwa zvachose, kunyangadika zvachose.” Jesu akati vaive vakafa, mumwe nomumwe wavo, asi vaive maJudha akadzingiswa.

⁸⁴ Munoono, vanhu vanonzwisa urombo, nokuda kwekuti tiri maMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, une kachapupu, nezvinhu zvakadaro; dhiyabhorosi anotenda zvimwe chete sematendero atinoita.

⁸⁵ Asi unofanira kuzvibanidza naCho. Mwari vanofanira kupupurira kwachiri, nokusimbisa neMweya Mutsvene. Hapana mubvunzo weShoko!

⁸⁶ Kana ukati, “Saka, zvino, zvaiva zverimwe zuva,” pane chinenge chakatsveyama.

⁸⁷ Ko dai munhu akauya achimhanya, zvino womuudza kuti chiedza chiri kupenya, obva amhanya kudzika mubhesimende, oti, “Ndiri kungozviramba. Ndiri kungozviramba. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi chiedza. Handichitende”? Pane chinenge chakatsveyama nemurume iyeye. Anenge aine pfungwa dzakavhiringika. Kana achiramba mirazvo yaro inodziya pamwe nezvarinazvo zvinopa upenyu, pane chakatsveyama paari, mupfungwa.

⁸⁸ Uye kana munhu achinge aona Shoko raMwari, rajekeswa pamberi pake, uye raratidzwa, zvino obva afiga nokuvhara maketeni ake esangano, pane chakatsveyama nemunhu iyeye, pamweya. Pane chakakanganisika paari. Pane chakakanganisika pamweya. Haatombokwanisi kuChigamuchira. “Ibofu, uye haazvizivi,” achienda kundotongwa, uye Mwari ndiye achange ari mutongi.

⁸⁹ Cherechedzai pava—vakaita izvi, uye mbeu idzi zvino dzakaZvitenda, tarirai zvakaitika. Ngatitarisei vamwe vavo zvino, mbeu yaAbrahama.

⁹⁰ Ngatitorei vana vechiHebheru, nokuti vakamira vakatendeka uye havana kubatirana nechinamato chokunamata mupunzo. Vakaramba kugwadamira chimupunzo icho chakanga chagadzirwa namambo wenyika. Chaive chagadzirwa chiri chemunhu mutsvene, zvakare, mupunzo waDhanieri.

⁹¹ Zvichiratidza kuti rudzi rwevaHedheni rwakapinzwa pasi pedivi renhema, rekunamata mupunzo wemunhu mutsvene. Rwuchaguma nenzira imwe cheteyo, apo vanhu vachamanikidzwa kunamata mipunzo yevanhu. Rwakauya nechizaruro, chaDhanieri achikwanisa kududzira Shoko, rakanyorwa pazvinyorwa pamadziro. Ndiwo mauyiwo arwo, uye ndiwo maperero arwo, nenzira imwe chete, wemupunzo wemuHedheni.

⁹² Cherechedzai, vakaramba kuzviita. Uye vakaiti? Vaive mbeu yaAbrahama vaive vamire vakatendeka kuShoko, uye vakatora suwo remuvengi, remoto. Vakazviita. Saka, Shoko raMwari ndere chokwadi.

⁹³ Dhanieri, akaedzwa pakunamata Mwari mumwe chete wechokwadi. Akaedzwa nokuda kwazvo. Uye panguva yokuedzwa, akakunda muedzo. Uye Mwari akaiti, mushure mokunge zvinhu zvaiita sokunge zvakanga zvisiri kumufambira zvakanaka, tingangoti? Uye vakanga vasingazive zvokuita. Vakanga vachinomupa kuti adyiwe neshumba. Asi Dhanieri akaramba akatendeka kumuedzo, kuti kuna Mwari mumwe chete wechokwadi, uye akatora suwo remuvengi wake. Mwari vakanga vavhara muromo weshumba.

⁹⁴ Mosesi akamira akatendeka kushoko rakavimbiswa, pamberi pevatevedzeri venhema, Jambure naJani, mumuyedzo. Tarirai, Mwari vakanga vasangana naye, nezvemweya, ndokumutaurira kuti aende kunoita zvinhu izvi, aratidze zviratidzo izvi, uye chiratidzo choga-choga chinenge chiine inzwi. Moses akadzikako, akanyatsotendeka sokuziva kwake. Akakandira chimuti pasi, ndokushanduka kuva nyoka. Munoziva zvakaitika? Hepanoi pakauya vatevedzeri ndokuita zvimwe chete.

⁹⁵ Zvino, Mosesi haana kukandira mowoko ake mudenga, achiti, “Saka, ndinofungidzira kuti zvose kukanganisa.” Akaramba aripo ndokumirira pana Mwari. Akaramba akatendeka. Zvisinei kuti kwaiva nevatevedzeri vangani, akaramba akatendeka. Uye paakaramba akatendeka pakutumwa kwake, kubudisa vanhu ava kubva panzvimbo iyoyo, apo suwo remvura parakaenda munzira yake, Mwari vakaita kuti aritore, uye Vakazarura suwo neShongwe yeMoto yakanga iri kumutungamirira. Akatora vanhu ndokuenda navo kunyika yechipikirwa.

⁹⁶ Joshuwa, mumwe mutungamiriri mukuru. Vaviri voga kunze kwe. . .vakaenda kunyika yechipikirwa, Joshuwa naKarebhi. Vakavika panzvimbo inonzi Kadheshi, iyo yaiva pakati penyika panguva iyoyo, zvokuti iyo ndiyo yaiva chigaro chokutonga. Uye, o, vakatuma vatsori gumi nevaviri kuti vanotarisa nyika, uye gumi nevaviri vavo vakadzoka.

⁹⁷ Gumi vavo vakati, “O, ibasa rakakurisa. Hatimborikwanisi. Zvakanaka, vanhu vacho, tinoratidzika semhashu kana tiri padivi ravo.”

⁹⁸ Asi Joshuwa akaitei? Akanyararidza vanhu. Akati, “Mirai zvisihoma. Tinokwanisa nokupfuurira kuitora, zvisinei kuti tiri vaduku zvakadini, kana kuti tiri vashoma zvakadini.” Akanga ari kuitei? Ainge ari kumira akatendeka kuvimbiso iyi, “Ndakupai nyika iyi,” asi mucharwira chidimbu chayo chose.

⁹⁹ Munozvitenda here, amai? Mwari vakupai kupodzwa kwenyu, asi mucharwa nzira yacho yose. “Kwese kunotsikwa nepasi petsoka dzenyu, ipapo ndichakupai senhaka yenyu.” *Matsimba* zvinoreva “kutora.” Zvose ndezvako, vimbiso yose ndeyako, asi ucharwa munzira yose yauri zvino.

¹⁰⁰ Zvino, Joshuwa aiziva zvakataurwa naMwari. Aive mbeu yaAbrahama. Maona? Akati, “Ndinozvitenda, kuti Mwari vakatipa nyika, uye tinogona nokupfuurira kuitora.” Uye nokuda kwekuti akakunda muyedzo, achipesana neboka rose ravaIsraeri, marudzi ose nevanhu vose vaiungudza nokuchema. Joshuwa akati, “Mirai makadaro! Mwari vakavimbisa.”

¹⁰¹ Hazvinei kuti wakakura zvakadini, uye kuti kupikiswa kwakaita sei, uye kuti chiremba ati kudini, Mwari vakapa vimbiso. Zviri kuna Mwari kuti vazviite.

102 Chii chaakaita? Paakauya kurwizi Jorodhani, akatora musiuwo. Ndizvo zvaa—akaita.

103 Jeriko, yakazvivharira mukati sekamba iri muchikoko. Chii chaakaita? Akatora musiuwo.

104 Kunyange rimwe zuva apo muvengi wake akanga ari kuedza kumutora, akatora suwo remuvengi wake zvokuti akaraira zuva kuti rimire. Uye zuva rakamuteerera, rikasafamba kwemaawa makumi maviri nemana.

105 Mwari vakatendeka kuvimbiso yavo, zvisinei zvavanofanira kuti vaite; vanosiya Matenga asisina chirimo vasati vatendera kuti Shoko raVo riende rakundwa. Havana kumboita vimbiso yaVasingakwanise kuchengeta. “Ndini Ishe ndinopodza zvirwere zvenyu zvole. Kana vakaisa mawoko pamusoro pevanorwara, vachapora.” Ameni. “Kana mukatenda, zvinhu zvole zvinogoneka.”

106 Joshuwa akazvitenda, kunyangwe Mwari vakamisa nyika kuti isatenderere. Vakaita ipapo nerimwewo Simba, simba raVo pachaVo; zvokuti nyika haina kutenderera kwemaawa makumi maviri nemana, kusvikira Joshuwa azvitsivira pamusoro pavavengi vake. Akatora masuwo. Zvirokwazvo, akazviita. Mwari anogara ari wechokwadi.

107 Zvino ndinoshuva kuti dai tanga tine nguva yokutora dzimwe mhare, asi ndine maminitsi anenge gumi zvino. Onai, mhare dzose idzi dzakakosha, sezvavaiva, uye varwi vakuru vokutenda, vole vakafira pasuwo rerufu. Vole vakaparira, chaipo pasuwo rerufu.

108 Zvino kwakazouya Mbeu yeHumambo yaAbrahama. Vole vaive mbeu yepanyama, kubva pana Isaka. Asi hepanoi panouya Mbeu yeHumambo yaAbrahama, uyo aiva Kristu, Mbeu yaAbrahama yokutenda; izvo zvatnofanira kuva, tongoona kuti ndizvo zvatiri here kana kuti kwete. Mbeu yepanyama yaingova mufananidzo. Vamwe vole vakaberekwa nemaberekerwo epanyama, asi Akauya nokuberekwa nemhandara. Munooni, akanga asiri wembeu yaAbrahama, ipapo, muJudha. Akauya nembeu yekutenda yevimbiso. Uye, zvino, tinofanira kuva vana vaKe, kubudikidza neMurume uyu.

109 Tarirai zvaAkaita. PaAive panyika, Akakunda pamwe nokutora suwo rose raiva remuvengi; Mbeu yeHumambo. Akazvimbisa neShoko. Akarikunda. Akatikundira, suwo rehurwere. Ndizvo zvaAkauya kuzoita. Iye, rangarirai, varwere, Akakunda suwo iri. Iwe haufanire kurikunda; Akarikunda. Vamwe varume vakatofanirwa kukunda masuwo avo. Asi iwe haufanirwe kukunda; raketokundwa kare. Akakunda masuwo ehurwere. Uye chii chaAkaita paAkakunda masuwo ehurwere, achitaura zvaAizoita? “Chose chaunokumbira panyika, uye chose chamunosunga panyika, Iye aizochisungawo Kudenga,” otipa makiyi esuwo.

¹¹⁰ Akakunda suwo remuyedzo, neShoko. Uye makiyi aive, “Dzivisa muvengi, uye achatiza achibva pauri.” Akaakunda ose; akakunda chirwere chose.

¹¹¹ Akakunda rufu, uye Akakunda gehena. Akakunda rufu negehena. Akakunda zvakatadza kukundwa nevamwe, nokuti vose vaiva vembeu yepanyama. Iyi iMbeu yapamweya. Akakunda suwo rebwiro, ndokumuka nezuva retatu, kuitira kururamiswa kwedu.

¹¹² “Uye zvino tiri vakundi nokupfuurira.” Tiri kungofamba tichipinda mariri, senhaka, “Vakundi nokupfuurira.” Iye zvino tiri kushanda nemuvengi akakundwa. Hurwere hwakakundwa. Rufu rwakakundwa. Gehena rakakundwa. Zvinhu zvose zvakakundwa. O, zvangu ini! Ndinoshuva kuti dai pamhumhu wangu ndiri zvakapetwa kaviri, zvino pamwe ndaizonzwa zvakana zvakapetwa kaviri. Tiri kupikisana nemuvengi akakundwa.

¹¹³ Ndosaka Pauro akagona kuti, pavainge vari kuvaka nzvimbo, yokugura musoro wake, akati, “O rufu, rumborera rwako rwuripiko? Ndiratidze paunogona kundiita kuti ndipfikudze pamwe nekuzhamba. Bwiro, kukunda kwako kuripiko, uye unofunga kuti uchandiumba kunze ikoko? Ndirachakunongedzera kune rimwe risina chinhu neche uko; uye ndiri maAri, Achandimutsa pazuva rokupedzisira.” Muvengi akakundwa!

¹¹⁴ Mbeu yeHumambo yaAbrahama! Zvino, mbeu yepanyama hayaigona kunongedzera kwaIri. Asi Mbeu yeHumambo inogona kukunda, yakakunda kare, nokuti Akaenda mberi kwedu ndokutikundira suwo rose. Ave iye zvino, mushure mezviuru zviviri zvevakare, Amire pakati pedu, Mukundi mukuru. Haana bedzi kungokunda hurwere. . . Akakunda hurwere. Akakunda muyedzo. Akakunda mhandu dzose. Akakunda rufu. Akakunda gehena. Akakunda bwiro, uye ndokumuka zvakare. Zvino zviuru zviviri zvevakare zvakatevera, heunoi Akamira pakati pedu, masikati ano, Achizvivizisa, Mukundi mukuru! Amen. Achiri pano, mupenyu, achisimbisa vimbiso yaKe, Mbeu yeHumambo yaAbrahama! O, zvangu ini! Uye muvengi acha. . .

¹¹⁵ “Achakunda masuwo emuvengi wake.” Kune avo, Mbeu, Amire pano ari mupenyu kuti Azvisimbise kuna ani? Mbeu idzo dzakatemerwa dzinokwanisa kuzviona. Akazvikunda. Uyo, mushure memuyedzo wake, wevimbiso yeShoko, vakasimbiswa neMweya Mutsvene, muMutumbi waKristu, kwavari akasimbisa (chii?) VaHebheru 13:8 kuti ndizvo. Vakasimbiswa imomo neMweya Mutsvene, uyo Mweya Mutsvene waiva ne. . . Abrahama akafanouona; nokutenda akazvitenda. Uye zvino tinoUgamuchira, tichitarisa shure kuvimbiso yezvaAkataura. Uye Johane 14:12 inobva yasimbiswa mumazuva ano okupedzisira, neMukundi akamuka, pachaKe.

¹¹⁶ Kwete humwe hurongwa; asi Munhu, Kristu, Mukundi. Kwete chechi yangu, kwete chechi yangu yeBaptisti, kana Presbyteriani yako, Methodist, kana maPentecosti, kwete naizvozvo; asi naJesu Kristu. Anorarama nhasi. Akamuka pamusoro paizvozvo, kuitira kururamiswa kwedu.

¹¹⁷ Uye nokuti anorarama, Akati isu tinoraramawo zvakare. “Munhu haangarame nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe,” kwete chidimbu cheShoko, “Shoko rose rinobva mumuromo waMwari.” “Ndini Rumuko neUpenyu. Uyo anotenda maNdiri, kunyangwe akafa, asi achararama. Uyo anorarama uye aчитenda maNdiri haazombofi. Munozvitenda here izvi?” Tora suwo remuvengi wose!

¹¹⁸ Ko aizokunda sei Bosworth, apo Mwari. . . Bosworth akanga ari muMukundi. Uye ndicho chikonzero akati, “Nguva yandakafarisisa muupenyu hwangu ndiiye zvino.” Uh-huh. Aiziva Mukundi mukuru uyu. Kugutsikana kwake kwaive kwakazorora naYe. O, zvangu ini! Zvino tinogona kuimba:

Achirarama, Akandida; pakufa,
akandiponesa;
Kuvigwa, Akatakurira zvivi zvangu kure-kure;
Kumuka, Akaruramisa pachena
nokusingaperi;
Rimwe zuva Ari kuuya, O zuva rinobwinya!

¹¹⁹ Kune avo vanoita sokunge vakundwa. Eddy Perronet, ndinotenda aiva iye, akatadza kutengesa dzimbo dzake dzeChikristu. Hapana aidzida. Vakanga vasinei nechokuita nadzo. O, akundwa, uye mutendi! Rimwe zuva, Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pake. Suwo remuvengi wake, rakanga risingagamuchire zvinyorwa zvake! Mweya wakamurova, iye ndokutora chinyoreso, Mwari ndokumuita kuti anyore chimbo chepamavambo.

Mose simudzirai simba reZita raJesu!
Regai Ngirozi dzizvambarare;
Unzai korona yehumambo,
Zvino muMugadze Ishe wazvose.

¹²⁰ Fanny Crosby bofu, pane imwe nguva. Akati, “Zvinorevei kwauri?” Vamwe. . . Haana kutengesa kodzero dzehudangwe hwake sezvakaita muPentecosti Elvis Presley, kana sezvakaita wekuchurch-of-Christ Boone, kana sezvakaitwa naRed Folley, kutengesa matarenda avo kunyika; vane rundaza rwemaCadillac, nemarekodzi endarama, emamiriyoni amadhora. Asi Fanny Crosby akagara akatendeka kunzvimbo yake. Akadanidzira:

Musandipfuure, O Muponesi munyororo,
Inzwaiwo kuchema kwangu kwakazvinipisa;
Apo Muri kudana vamwe,
Musandipfuure.

Ndimi Hova yokunyaradzwa kwangu kwose,
Kudarika upenyu kwandiri,
Ndiyani wandinaye panyika kunze kweNyu?
Kana ndiyani Kudenga asi iMi?

121 Vakati, “Ko toti unenge uri bofu kana wasvika Kudenga?”

Iye akati, “NdichaMuziva, zvakadaro.”

Ndokuti, “Ko uchaMuziva sei?”

Ndokuti, “NdichaMuziva.”

Ndokuti, “Mai Crosby, munokwanisa kuita mamiriyoni amadhora.”

Iye ndokuti, “Handidi mamiriyoni amadhora.”

122 “Ko muchaMuziva sei?” Iye ndokuti:

NdichaMuziva, ndichaMuziva,
Uye ndakadzikinurwa ndichamira parutivi
rwaKe;
NdichaMuziva, ndichaMuziva.

123 “Kana ndikasaMuona, ndichanzwa maburi ezvipikiri muzvanza zvaKe.” Akakunda suwo remuvengi wake. Hongu.

124 Kana uri muna Kristu! Akati, “Kana ukagara maNdiri, uye maShoko aNgu akagara mauri; kumbira kiyi yaunoda, kumbira suwo raunoda kutora; kumbira chose chaunoda, uye uchachipiwa. Kana ukagara maNdiri, uye Shoko raNgu rikagara mauri, unogona kutora suwo ripi zvaro remuvengi rinouya mberi kwako.” Uri Mbeu yehumambo yaAbrahama.

125 Imhandoi yesuwo rakamira mberi kwako? Kana huri hurwere, uri mukundi nokupfuurira kwahuri. Zvino tinogona kuti, kuimba chimbo ichi chakare chine nyasha:

Vimbiso yose muBhuku ndeyangu,
Chitsauko chose, ndima yose . . . uye
yeKudenga,
Ndiri kuvimba muRudo RwaKe rweKudenga,
Nokuti vimbiso yose muBhuku ndeyangu.

126 Tiri vakundi nokupfuurira, uye Mbeu yaAbrahama ichatora suwo remuvengi! Pavanoti Zvinhu izvi hazvigoni kuitika, pavanoda kuZvidana kuti dhiyabhorosi, kana Bheerzebhuri, kanawo zvimwe, Mwari vane chokwadi chokukunda suwo rose nokutora muvengi.

Ngatinamatei.

127 Ishe, dai Mbeu yaAbrahama . . . Ndinoziva kuti vachaZviona, Ishe. Ko Shoko ringawa here rikasawira paIvhu riya rechokwadi? Ndinonamata kuti vanzwise iko zvino. Dai munhu wose anouya mumutsara wokunamatirwa apodzwe.

128 Ishe, kana muine vamwe muno nazvino, vasati vaita kupupura kwavo, vasati vamira paruzhinji uye vachimirira

Kristu, vakagadzirira kuramba zvose zvitendwa pamwe nezvinhu zvakatonhora, zviri muhurongwa, zvakafa izvo zvakavatora zvichivabvisa paMuri. Uye dai vakamira iye zvino, voti, “NdichaMugamuchira seMuponesi wangu.” Zvino muchazovamiririra neZuva iroro.

¹²⁹ Apo takakotamisa misoro yedu, kana paine avo vanoda kumira kwechinguvana, mumunamato, uchiti, “Ndinoda kuMumiririra zvino, kuitira kuti agondimiririra neZuva iroro, muHupo Hwake hweKudenga.” Ndinokukumbira, uye nokukupa mukana wokuti zita rako rigoiswa muBhuku reUpenyu, kana ukasimuka. Handisi kukumbira kuti ujoinhe chechi yose-yose. Ndiri kukukumbira kuti uuye kuna Kristu, kana uri pano uye usingamuzivi.

¹³⁰ Mwari akuropafadze, mwanakomana. Pane mumwe here, anoti, “Ndi—ndiri kuda kusimuka iye zvino.” Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadze, hanzvadzi yangu. “Ndinoda...” Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. “Ndinotora sarudzo yangu, masikati ano.” Vanhu vakanaka ava, varume nemadzimai, vakamira, “Ndinotora sarudzo yangu, masikati ano.”

¹³¹ Uye zuva riya apo chiremba vachati, “Zvakanaka, tsaona yemotokari; ropa rake riri kudeuka, rufu rwave pamurume, kana mukadzi.” Kana kuti, mamwe mangwanani, ucharangarira sarudzo yako. Iwe Mumiririra iye zvino.

¹³² “Kana ukanyara neNi pamberi pevanhu, ndichanyarawo newe pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene. Asi kana ukaNdipupura pamberi pevanhu, iyeye Ndichamupupurawo pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene.”

¹³³ Mwari vakuropafadze, hanzvadzi yangu. Pangava here nevamwe mubharikoni pamwewo? Iye zvino, apo takamirira. Vamwe vavo, vakawanda vari pasi? Zvakanaka. Ndinokutora pashoko rako, shamwari.

¹³⁴ Kana Shoko rikawira paIvhu rakanaka, semudzimai uya muduku aiva patsime, a—akanzwisisa. Aive akamiririra Kudenga, kubva pamava...nheyo dzenyika nyika dzisati dzavambwa. Apo Chiedza pachakaIrova, mudzimai akaChicherechedza.

¹³⁵ Mwari akuropafadze, hama yangu. Igamba...Mwari akuropafadze, hama yangu. Unogona kunge wakaita zvinhu zvikuru muhupenyu hwako; uri kuita chinhu chakakurisisa chawati wamboita, iye zvino, kumiririra Kristu.

¹³⁶ Baba vedu voKudenga, mbeu yadonhera pane rimwe ivhu, masikati ano. Tinoona Upenyu huchisimuka. Varume nemadzimai vamira netsoka dzavo, uye ziso raMwari rinoona zvose, Uyo ari kwese-kwese, anoziva zvose, ane masimba ose, anovaona. NdeveNy, Baba. Ndinovaunza kwaMuri zvino, sezvibereko.

¹³⁷ Dai chiiitiko ichi chekumira kwavo pano, vachiziva zvavaita, vachiziva zvazvinoreva, kuti vasimuka kuti vagomira nevashoma vaKristu vanoshorwa. Dai vakaramba vakatendeka kusvika paZuva ravanozomira muHupo hweNyu, zvino Inzwi riya rakaisvonaka roti, “Hongu, rimwe zuva muBaton Rouge, kana imwe nzvimbo duku inonzi Denham Springs, akaNdimiririra, Baba, iye zvino Ndave kumiririra murume, kana mudzimai.” Zviitei, Ishe. NdeveNyu, nemuZita raJesu. Amen.

Mwari akuropafadzei, nokumira kwenyu. Mwari narinhi . . .

¹³⁸ Zvino ndiitireiwo chinhu chimwe chete ichi. Wana, kana uri kunzvimbo kune vafundisi ava, ona vashoma, ugotaura navo. Kana usati wabhabhatidzwa, murubhabhatidzo rweChikristu, zviite. Zviise pakati pevatendi zvino, vatendi vechokwadi, kwete vatendi vekabanga; vatendi vechokwadi.

Patiri kunamata, ngatinamatirei mahengechepfu aya.

¹³⁹ Baba voKudenga, mahengechepfu aya ave kubuda zvino; uko, kwandisingazive. Zvichida pane vamwe baba vakwegura bofu vagere uko kune majawi pane imwe nzvimbo, vakamirira hengechepfu iyi kuti iuye; mwana muचेचे arere apo pamubhedha muchipatara; amai vakamira, vachihuta-huta, vakamirira kudzoka kwehengechepfu. Baba voKudenga, ndinonamata kuti Mugoenda nadzo. Uye sechiratidzo cheHupo hweNyu nhasi, uye nokutenda kwedu kwaMuri sekuparidza kwataita Shoko reNyu, dai kutenda kwaiva muna Abrahamu, uye nekutenda kwakabuditswa uye kukapiwa kwatiri naJesu Kristu, dai kwaenda nemahengechepfu aya uye kugopodza munhu wose waichaiswa paari. Tinoatumira, nemuZita raJesu. Amen.

¹⁴⁰ Iye zvino kwechinguvana, tisati tadana mutsara wokunamatira. Mwari ane masimba ose uye ane simba, Uyo mukuru, Uyo wakazvikwanira . . . Ndapota, shamwari, nda—ndave kutanga kunamatira vanorwara, uye ndi . . . Pamwe, patichadzika, ndi—ndinogona kusataura chimwe chinhu kwauri; vamwe venyu vanogona kuenda nguva iyi isati yasvika. Chero zvauro, kana kunyangwe usina kumbosimuka, nguva shoma yapfuura, uye hauna chokwadi . . .

¹⁴¹ Kana uri nhengo yechechi, chinhu chakanaka, asi hazvina kukwana. Munoono, jaya mupfumi akanga ari nhengo yechechi. Maona? Akabvunza Jesu kuti angaiti kuti awane Upenyu Usingaperi. Haana kuHugamuchira. Akafamba ndokuenda. Chinhu choupenzi chakadini icho chakaitwa nemujaya uyu. Usatore nzvimbo yake. Munorangarira nguva yokupedzisira paakaonekwa? Kwapera kanguva, akabudirira. Akawedzera kupfuma. Akasvika pachinhano chokuti kanawo nematura ake akatsemuka. Asi zvino tinoona kuonekwa kwake

kwekupedzisira, mugehena, achitambudzwa mumoto. Usadaro, usarega zvakadaro zvichiitika kwauri. Gamuchira Kristu.

¹⁴² Imi vechidiki, imi vasikana vadiki, vakomana vadiki, ipo pakushanduka kweupenyu, ndapota zviitei. Ndinzwei, se—sehama yenyu, uyo anokudai. Ndiri pano nokuti ndinokudai. Ndinoda Mwari, uye ndinokudai, uye handikwanise kuda Mwari kana ndisingakudei.

¹⁴³ Zviri nani kwandiri, kuti kana uine chaunoda kutaure, zvitaure kumwanakomana wangu kunze uko, kana mumwe wevana vangu. Regai ndingo...Ini, ndichagara ndisina. Mubereki wose anozviita; saizvozvowo Mwari. Maona? Ida vanhu vaKe. Dananai.

¹⁴⁴ Unoti, “Ko munovatukirei?” Rudo rwechokwadi rwunogadzirisa.

¹⁴⁵ Kana Mwana wako akagara kunze munzira; unoti, “Zvakanaka, Junior agere apo. Haafanire kudaro, asi handidi kugumbura manzwiro ake maduku.” Haumude. Anouraiwa ipapo. Kana uchimuda, unopinda naye mukati womushwapura. Unomuita kuti atererere.

¹⁴⁶ Ndiwo maitiro anoitwa naMwari. Rudo rwunogadzirisa, uye ndirwo rudo rwechokwadi.

¹⁴⁷ Kana muparidzi akasimuka okuregai imi madzimai muchigera vhudzi renyu, muchizora pendi nezvimwe zvakadaro, orega kukugadzirisai, hapana rudo rwechokwadi ipapo; worega kuzvitsiura. Orega iwe murume uchiroora katatu kana kana, uye nezvimwe zvinhu zvose izvi, osiya zvakadaro, hapana rudo rwechokwadi ipapo. Okurega uchijoinha imwe chechi, okubhabhadzira kumusana, okukachidza nechimwe chitendwa, zvino, “Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita, kujoinha chechi tsvene,” hapana rudo apa. Kana kuti, pamwe, murume wacho akarasika zvachose, pachake, haaone.

¹⁴⁸ Rudo rwechokwadi rwunogadzirisa, uye rwunokudzoserera kuShoko raMwari.

¹⁴⁹ Tarisai Jesu, kuti, zvaAkataura, nokuti Akavada, zvakananyanya zvokuti akafa panzvimbo yavo, kunyangwe pavaitenge vachichemera Ropa raKe.

¹⁵⁰ Zvino dai Mweya Mutsvene mukuru...ndiri kuda kumbomira kweminiti. Ndakamirira kusvika Chizoro cheMweya Mutsvene chave pandiri, tisati tatanga. Ndanga ndiri kuparidza. Ndinokutendai, nokubatirana kwenyu pamwe chete.

¹⁵¹ Zvino, mumwe nomumwe wenyu ari muno, kwese kwauri, kupi zvako muimba muno, namata kwechinguvana, uchiti, “Ishe Jesu, ndibatsireiwo! Ndibatsireiwo! Regai ndibate hanzu heNyu.” Jesu akati, munoziva, mudzimai paakabata nguwo yaKe, haAna kuzvinzwa, panyama, asi Akatendeuka uye ndokuziva mudzimai wacho pamwe nezvaakanga aita. Ndiye

Jesu mumwe chete masikati ano, Muprisita Mukuru anokwanisa kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu.

¹⁵² Munotenda here, mumwe nomumwe wenyu zvino, kuti ichokwadi, kuti Mwari akaita vimbiso iyi, zvakare (uye dai Azviratidza) kuti tiri kurarama mumazuva eSodhoma? Vangani vanozvitenda, mumba muno, chingosimudza ruwoko rwako.

¹⁵³ Tiri kurarama, sezvazvaiva, muSodhoma. Hurongwa hwose hwasvibiswa, hurongwa hwepasi rose, zvose, hurongwa hwechechi, hurongwa hwezvematongerwo enyika. Hapachisina. Zvematongerwo enyika zvawora. Hurongwa, kwese-kwese, vatongi vechisimba, zvose zvawora. Chechi ndizvo zvayavawo zvakare. Mhuri ndizvo zvadzavewo zvakare. Kwangova kuwora, Sodhoma!

¹⁵⁴ Zvino, rangarirai, Mwari anazvo pamberi pako, zvino rangarirai Akati Aizozviratidza pachaKe ari munyama yemunhu, uye oita sezvaAkaita pamberi peSodhoma, Mwanakomana akavimbiswa asati auya. Akavimbisa kutumira mumwe aifanoenda mberi kweMwanakomana akavimbiswa uyu, sezvaAkaita pakutanga, aizivisa; uye Akati, “Apo Mwanakomana wemunhu achange ari kuzarurwa.”

¹⁵⁵ Handikuzive. Zvakanaka, Muzvare Thompson, dambudziko iro remadzimai nezvakavhiringika, unotenda kuti Mwari vachakupodza? Unogona kuzvitenda here? Uchatenda? Muzvare, Muzvare Thomas, unotenda here kuti Achakupodza? Simudza mawoko ako, zvakadaro.

¹⁵⁶ Pane mudzimai agere shure kwako. Ari kunamata. Ane gomarara.

¹⁵⁷ Mumwe agere pedyo naye, ane mudumbu, ari kunamatawo zvakare. Uchazvipotsa, ukasangwarira. Haugare kuno. Unobva kuMississippi. Ndimi baba naamai Kramer. Kana mukatenda nemoyo wenyu wose, Jesu Kristu achakupodzai. Kana mukagona kuzvitenda. Munotenda here? Zvino munogana kukugamuchira. Zvakanaka. Simudzai mawoko enyu kuti vanhu vaone kuti ndimi.

¹⁵⁸ Handivazivi vanhu ava. Handisati ndambovaona, muupenyu hwangu. Unofanira kutenda, shamwari. Ari kuZviratidza. Munozvitenda here, nemoyo wenyu wose? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁵⁹ Ko wazunguzirei musoro wako, changamire, ndokunditarisa zvakadaro? Hongu, changamire. Nokuti waita zvakadaro, ndichataura newe kwechinguvana. Uri murume ati sokuti kurei wakagara pano apa, wakanditarisa. Anditarisa, aine kumwe kuperera. Azvitenda. Uri kunamatira mumwe munhu akawoma mutezo. Asi—asi chinhu chaicho chauri kunamatira, uri kuda, uri kutsvaka rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndizvozvo. Uh-huh. Ndizvozvo. Kana ukazvitenda! Mudzimai, uri kutsvaka basa. Kunze kwaizvozvo, kuti uzive kuti ndiri muporofita

waMwari, kana kuti muranda, wakava nemaoparesheni maviri. Zvakakusiya uchiita sokunge warukutika. Zvinhano zvose zvakasiyana-siyana, dambudziko repamweya. Ndiri kuda kukuudza kuti zvose zvapera. Kutenda kwako kwakupodza.

¹⁶⁰ [Chibenga patepi—Mupepeti.] . . . agere chaipo pedyo newe ipapo. Mudzimai ari kunamata. Tarira kuno. Akunzwa, uye waMubata. Handikuzive, asi Anokuziva. Ndichakutaurira zvawanga uri kunamatira. Unotenda here nemoyo wako wose? Une dambudziko renduru, rauri kunamatira. Unotenda here kuti Mwari vachakupodza nokuita kuti uite zvakanaka? Ndiwe Mai Smith. Ndizvozvo. Simudza ruwoko rwako.

¹⁶¹ Munoono, Ari kuzviratidza pachaKe. Chii? IMbeu yaAbraham, kutenda kwaiva naAbraham, Ishe Jesu Kristu ari pakati pedu, achisimbisa Shoko raKe, nezviratidzo zvichitevera.

¹⁶² Ndiyani, makadhi mangani ari kuda kunamatirwa, simudzai mawoko enyu, ane kadhi rake? O, zviri nani tichitanga mutsara wekunamatira.

¹⁶³ Munoono, unonzwisisa handiti? Zvino mweya uya hauna bedzi . . . Izvozvo hazvipodzi. Zvinongoratidza kuti Ari pano. Vafundisi venyu vane maruramiro mamwe chete kunamatira vanorwara. Havazviiti; kwete, kwete zvachose. Asi vane—asi vane maruramiro mamwe chete, “Zviratidzo izvi zvichitevera vatendi.”

¹⁶⁴ Iye zvino ndiri kuda shamwari dzangu vafundisi vari pano. [Hama Branham vanobvunza mumwe munhu, “Zvakanaka here kudana kubva muungano, vashumiri?”—Mupepeti.]

¹⁶⁵ Vafundisi vangani pano vanotenda nemoyo wavo wose, vashumiri vari muno, vanotenda? O, ndatenda. Handizivi kuti momira? Uyai pano, mumire pamwe neni kwechinguvana, chaiko zasi kuno, tonamatira vanorwara. Nyatsouyai zasi kuno. Zvino imi chionai kupodzwa kuchiitika, tarirai zvinoitika.

¹⁶⁶ Ndiri kuda kuti muuye, moita mi—mitsara miviri ipo pano. Ndiri kuuya zasi ikoko munguva shoma inotevera, kuzonamatira vanorwara. Ndiri kuda vafundisi vanotenda vanoda kuzvzivisa sevatendi. Kutu, unotenda, kuti kuuya kwako pano, uri kurarama upenyu hutsvene, hwakachena. Rangarira, tarira kuno chii chiri kubuda, chakamiririra Evhangeri yaKristu!

¹⁶⁷ Hama Blair, ndinokuzivai apo, imi kana Hama Pat. Mungaita mitsara miviri here sezvamunowanzoita, kana muchikwanisa, imi neHama Pat.

¹⁶⁸ Vafundisi vanotenda avo vari kuzotenda! Zino, tarisai, kana Mwari vachikwanisa zvakadai kuzviratidza kubudikidza neShoko raVo, neShoko raVo, vangani vanoziva kuti Bhaibheri, Jesu akataura izvi, “Zviratidzo izvi zvichitevera avo vanotenda. Kana vakaisa mawoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora”? Vafundisi, mauya pano kuzozviratidza sevatendi. Muri here?

Muri vatendi (hamusi here?), mungadai musina kumira pano. Zvino Jesu akati kudini? “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Ndiri mutendi pamwe chete nemi.

¹⁶⁹ Ndave kudzika pasi. Ava vanhu vedu, uye isu tiri vafudzi pamusoro pemakwai aya. Ndave kudzika kuzotambanudza mumbure wangu pamwe nemi iye zvino, ndoisa mawoko angu pamwe nemi. Zvino vanhu ava pavanouya nepano, kana uine chinhu chipi zvacho chauri kakutsoropodza mupfungwa dzako, chibuditse iko zvino; kuitira kuti kana vanhu ava vave kuuya nepano, zvino mumwe nomumwe wavo achiuya nepano, uye toisa mawoko pamusoro pavo, vachapodzwa. Mungatenda nemoyo wenyu wose here zvino, munhu wose? [Vashumiri vanoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁷⁰ Vangani vari muno vachange vachinamatira vamwe pavachange vachipfuura, simudza ruwoko rwako, “Ndichange ndichinamata.”

¹⁷¹ Rangarira, vanogona kunge vari baba vako, amai vako, mwanasikana wako kana mwanakomana, hanzvadzi kana mukoma kana munin’ina. Uye kana asiri wako, ndewemumwe munhu, achange achizopfuura nemumutsara uno. Uye ko dai vainge vari ivo, uye vainge vari kufa nekenza, kana chimwe chirwere chakaipisisa, hamungada here varume kuperera zvakadzama? Zvirokwazvo, tingada.

¹⁷² Iye zvino, ndinotenda, kuti muchazo... Zvino ava vari mumutsara *uyu* pano, munzira iyi, mirai kwakadziva kudivi *iro*, muine kadhi romunamato. Mirai nechekudivi iro, vose vari muchikamu chekurudyi. Zvino, maitiro, misai vari muchikamu chekuruboshwe; tinozoungana tisisafambe, munoona, uye hamuzivi maitirwo, ezvatiri kuita. Zvakanaka, vose vari muchikamu *ichi*, mirai *apa*. Zvino, vose vari muchikamu chekurudyi, chingouyai neuku, nokuti muchazodzika, mopoterera.

¹⁷³ Uye muchaita sei, vachabuda nepi, Hama Borders? Vanobuda nemusiwo wepadivi, vouya vachipoterera zvino vopinda nomumba zvakare.

¹⁷⁴ Saka, kana divi *iri* richinge radanwa, munguva shoma, zvino vachasimuka. Uye ngationei zvino kuti... Zvakanaka, avo vari muchikamu *ichi*, tendeukirai kudivi riri nechekuno. Batai makadhi enyu emunamato, endai kudivi iri. Uye imi muri mubharikoni, fambai muchidzika kuti mungosangana navo panoperera mutsara pamberi apo. Zvino ava vari muchikamu *ichi* chekuruboshwe, endai uko kudivi rekuruboshwe. Uye zvino, munoona, mogadzira mutsara wenyu mobva madzokera *neuko*; dzokerai, konerai *uko*. Maona? Uye muchatevera mutsara muchipoterera, zvararo hatizova nekuvhengana zvachose.

¹⁷⁵ Zvino imi muri mubharikoni, torai nzvimbo dzenyu imo mudzinzira, uye mobva mangopfekera pavanenge vachiuya.

¹⁷⁶ Zvino, chitangai kufamba muchidzokera, mose, fambai muchidzokera kusvikira masangana nemutsara uyu nechepano *apa*. Chingopotai nekuno, nechekuno, chitangai kufamba neuko mozouya kumutsara uyu uri *pano*.

¹⁷⁷ O, chii chinogona kuitika iye zvino! Chii chinogona kuitika! Ino ichava nguva apo chimwe chinhu chinofanira kuitika. Zvakanaka.

¹⁷⁸ Zvino, ndizvozvo, dzokerai kumashure mopoterera *neuko*, mobva manyatsopinda mumutsara, sezvizvi. Poterera nenzira iyi. Ndiyo nzira yacho zvino.

¹⁷⁹ Uye zvino kana makamira, munhu wose netsoka dzake, tave kuzoisa munamato. Uye ungoro ino ichange ichinamata pamwe neni, kuti muchapodzwa. Chingovai nokutenda zvino. Uye musa . . .

¹⁸⁰ Nyatsouyai neuko, kumashure-shure, nyatsouyai neuko mosvikobatana nemutsara uyu kumasure kuno. Nyatsouyai neuko, mogadzira mutsara mumwe mukuru. Nyatsouyai mopoterera *neuko*, mogadzira mutsara mumwe chete. Ndizvozvo.

¹⁸¹ Munhu wose ngaave mumunamato. Nyatsova mukutenda zvino. Chingorega kucherechedza gungano zvino. Rangarirai, taka—takaputirwa neHupo hwaJesu Kristu, achivimba nesu kuti tiremekedze zvaAkaita pakati pedu, pakuva nokutenda muShoko raKe.

¹⁸² Zvakanaka. Iye zvino zvave kunge zvakanaka. Ndinofunga kuti mutsara uya wave kunyatsoita zvakanaka.

¹⁸³ Zvino apo vose pavanenge vakamira, ndinoda munhu wese zvino, mumba muno, kuti akotamise musoro wake.

¹⁸⁴ Ishe Jesu, zvave kuzoitika nokukasika. Sarudzo inofanira kuitwa iye zvino. Tinotenda here kuti Muri pano? TinoKudai here? Tine kutenda here, Ishe, kwakakwanira izvo zvatiri kuzokumbira? Vanhu ava vari kuzvizivisa nokumira mumutsara. Ishe, dai zvikasashaya basa. Dai zvikaitika kuti, Ishe, pavanopfuura nepano, mumwe nomumwe agopfuura sokunge ari kupfuura nepasi paKristu, nokuti tinoziva kuti Ari pano. Uye tinanamata kuti vagogamuchira kupodzwa kwavo. Ndine chokwadi kunyange mumasvondo nemasvondo ari kutevera, vanhu ava vachange vachienda kuvafundisi vavo, vakadzi vaiva nedambudziko remadzimai, mudumbu, murume ane prostrate, mhando dzose dzematambudziko, vachapodzwa, vachiti, “Munoziva, chinhu chiya changondisiya,” nokuti vari muHupo hweNyu. Dai vakauya zvino uye—uye vagatora izvo zvaMakafira. Ivo iMbei yaAbrahama, uye Makavakundira. Dai vakauya nokusvikogamuchira izvo zvaMapa kwavari.

¹⁸⁵ Zvino, Satani, wanyatsofumurwa svondo rino, kusvikira unoziva kuti uri chinhu chakakundwa. Jesu Kristu akakukunda

paKarivhari. Akamuka nezuva retatu, kuitira kururamiswa kweedu, uye Amire pakati pedu iye zvino. Uye kutenda kweedu kunotarira kwaAri, uye kubva kwauri kana chimwe chinhu chawakaita. Siya vanhu ava, nemuZita raJesu Kristu.

¹⁸⁶ Zvakanaka, tangai mutsara. [Hama Branham nevashumiri vanoisa mawoko pavarwere nokunamatira munhu wose ari mumutsara wokunamatirwa. Chibenga patepi—Mupepeti.]

¹⁸⁷ Taita izvo chaizvo zvatanzi naTenzi tiite. Vangani venyu vapfuura nemumutsara uyu, matenda kuti muchapora, simudza ruwoko rwako. Ndinobatanidza rwangu nemi.

¹⁸⁸ Zvatanga tiri kuita pano, pakupedzisira, seboka revashumiri apo; vazhinji vavo vanga vari kurwara, ndanga ndichizviziva, asi vari kuedza kuisa kushingaira kwavo kuitira kuti boka ravo ripinde, zvisinei kuti ivo vapinda here kana kuti kwete. Ndivo vafudzi chaivo. Zvino Mweya Mutsvene wati kwandiri, “Vaite kuti vabatane mawoko mumwe nomumwe.” Tasunganidza moyo yedu nemambure edu pamwe chete, neminyengetero yedu, pamwe chete.

¹⁸⁹ Jesu, avapodzewo, zvakare. Uye vaitei vafudzi vakasimba, vakasimba muShoko raShe.

¹⁹⁰ Dai Mwari, hama dzangu, dai Akakupai mose zvishuvo zvemoyo wenyu. Dai mukaMushumira mazuva ose, uye mova nesimba raMwari muhupenyu hwenyu, kushumira kuboka iri rakanaka zvakadai revanhu. Dai Jesu Kristu, Uyo anga ainesu, uye anemi nguva dzose, dai AkaZvizivisa zviri pachena kwamuri kudarika zvaAti amboita kumashure.

¹⁹¹ Imi vanhu, vamwe venyu vanga vakaremara, munogona kutadza kuona mutsauko kwechinguva, munogona kusaona mutsauko. Onai zvakaitwa naAbrahama. Hazvina mutsauko wazvinoita kuti chii; handizvo zvawakatarisa pazviri. Hautarise pane zviri kukunetsa. Tarisa pane zvaAkataura. Kana ukati, “Ndichiri kunzwa marwadzo,” izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Waita zvawanzi naMwari uite. Munoono, usatarise pane izvozvo. Tarisa pane zvaAkataura. Mwari vakati ndizvozvo! Ndinozvitenda. Hamuzvitendi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nemoyo wangu wose, ndinozvitenda.

¹⁹² Ishe Mwari akuropafadzei kusvikira ndazokuonai zvakare. Ndichakunamatirai; usiku hauzosvibisise, mvura haizonayi zvakasimbarara. Ndichange ndichikunamatirai. Ndinamatirei. Kusvika tazosanganazve, Mwari vakuropafadzei. Zvino hama mufudzi, munoono.



KUTORA SUWO REMUVENGI SHURE KWEMUEDZO SHO64-0322
(Possessing The Gate Of The Enemy After Trial)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neSvondo masikati, 22 Kurume, 1964, paDenham Springs High School muDenham Springs, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org